



Chè fanmi,

Si pitit ou a te fèt an 2020, li ka ale nan 3-K an otòn 2023! Avan peryòd aplikasyon a ouvri nan fen mwa janvyè a, nou ankouraje w pou ranseye w sou kat diferan anviwònman pwogram ki ofri 3-K. Jodi a, nou pral mete aksan sou Sant Pre-K.

Se Depatman Edikasyon nan Vil Nouyòk (NYC DOE) k ap dirije Sant Pre-K yo epi yo ofri sèlman klas ki avan kindergarten. Sant Pre-K bay priyorite pou timoun ki abite nan distri a avèk frè ak sè yo (lè sa aplikab). Ou ka konnen nan ki distri w ap viv lè w antre adrès ou [la a!](#) **Fanmi ka aplike nan nenpòt lekòl ki enterese yo, menm si li pa nan zòn yo oswa distri yo.**

Ou ta ka konsidere anviwònman sa a si:

- Pitit ou a pral gen yon frè ak sè k ap patisipe nan pre-K nan Sant Pre-K an otòn 2023
- Pitit ou a abite nan menm distri ak Sant Pre-K a
- Ou vle pitit ou a patisipe nan yon pwogram ki gen timoun piti sèlman
- Ou enterese nan opsyon ki tou pre kote w ap travay oswa ou ale lekòl, pa sèlman kote fanmi w ap viv - Sant Pre-K pa gen zòn, tout aplikan ki abite nan distri a gen yon priyorite egal.

Tout timoun ki fèt nan ane 2020 ka aplike pou Sant Pre-K. Aplikan ki abite nan distri avèk frè ak sè (si sa aplikab) gen priyorite pou yo patisipe.

Ou vle jwenn plis enfòmasyon? Ale sou sitwèb nou an nan nyc.gov/3K pou enfòmasyon sou admisyon 3-K. Nou rekòmande w pou ale sou [Anyè 3-K \(3-K Directory\)](#) nan MySchools pou kòmanse eksplòre opsyon pwogram yo. Nan semèn kap vini yo nou pral pataje plis enfòmasyon pou ede w prepare pou admisyon pre-K!

Ou toujou gen kesyon? Rele nou nan 718-935-2009 oswa ale nan [Sant Byenveni pou Fanmi \(Family Welcome Center\)](#)

Bòn chans,

Ekip Admisyon 3-K ak Pre-K

Èske se youn zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon 3-K nan schools.nyc.gov/SignUp. Si w pa vle resevwa imèl ankò nan youn oswa nenpòt lis imèl nou yo, tanpri klike [la a](#) pou koupe abònman an.